


Onè pou ou Paran/Responsab Legal Brendan,

Rapò sa a se yon rezime pou montre kijan Brendan te travay nan Egzamen Matematik nan Pwogram Egzamen Eta New York ki te fèt nan prentan 2021. Nòt egzamen an se yon fason pou ede ou konprann kijan pitit ou te travay; **men, nòt sa a pa montre tout sa Brendan konnen ak tout sa li ka fè. Nou bay rezulta Egzamen Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA) ak Egzamen Matematik pou Klas 3èm ane rive nan 8èm ane pou detekte kijan elèv yo travay epi nou pa pral mete yo nan relvenòt ofisyèl Brendan oswa dosye akademik pèmanan li.**


TRADIKSyon



[www.engageny.org/translate](http://www.engageny.org/translate)

NÒT POU  
BRENDAN  
ANE SA A

**643**  
NIVO 4



## NIVO PÈFÒMANS

### NIVO 4

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, maton anpil nan estanda akademik yo pou klas yo ye a.

### NIVO 3

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, konpetan nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 2

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, konpetan an pati nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 1

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, anba nivo konpetan nèt nan estanda yo pou klas yo ye a.

## BRENDAN TE SATISFÈ NÒM ETA A

Pandan w ap gade rezulta pitit ou a pou Egzamen Matematik pou ane 2021 an, tanpri sonje chanjman ki te fèt nan egzamen ane sa a akoz pandemi COVID-19 la. Pou egzamen prentan 2021 an, yo te egzije pou lekòl yo bay Sesyon 1 an sèlman, ki gen kesyon chwa miltip sèlman ladan. **Se sesyon sa a sèlman ki te kontribye nan nòt total elèv la ki parèt sou Relvenòt sa a.**

Epitou, pou prentan 2021 sèlman, yo te itilize kesyon egzamen ki te nan Sesyon 1 an deja nan egzamen yon lòt ane anvan sa e yo te pibliye yo deja sou sit entènèt Depatman an nan objektif pedagojik. Poutèt sa, gen bon chans pwofesè yo te itilize kèk nan kesyon egzamen sa yo nan egzamen blan pou elèv yo anvan Egzamen Matematik pou ane 2021 an.

Pou plis enfòmasyon sou tès sa a, sou estanda Eta Nouyòk yo, ak jan ou kapab ede Brendan, ale sou: [www.engageny.org/parent-and-family-resources](http://www.engageny.org/parent-and-family-resources)